



Varyant COVID-19 Delta a

4 bagay ou dwe konnen

SELON SANT KONTWÒL AK PREVANSYON MALADI (CDC) NAN DAT 27 JWIYÈ, 2021:



Varyant Delta a se yon varyant yo konsidere ki enkyetan—li sòti nan 1% ka yo nan mwa me pou pase ak 80% ka yo nan mwa jwiye 2021.

Nan **New Jersey, kantite nouvo ka an mwayèn pa jou ap ogmante detanzantan** pase nan anviwon 200 pou rive nan anviwon 1,000 nan mwa Jwiye 2021.

Ozetazini kantite moun ki ospitalize pou COVID-19 nan mwa jwiye, sèlman, ogmante ak plis pase 17,000 epi moun ki antre nan Swen Entansif (ICU) nan mwa jwiye, sèlman, ogmante ak plis pase 6,000 moun.



Varyant Delta a pwopaje anviwon de fwa pi fasil, sòti nan yon moun al nan yon lòt, pase souch avan yo. Anplis, **Moun ki enfekte ak varyant Delta a gen yon chaj viral ki pi wo—sa ki vle di li gen plis viris nan kò li**—an konparezon ak lòt varyant avan yo



Pi bon fason pou ou pwoteje tèt ou kont viris la se pran vaksen kont COVID-19 la. **Pran vaksen an rann ou gen:**

3.5x mwens chans pou ou trape COVID-19

8x mwens chans pou ou tonbe malad ak COVID-19

25x mwens chans pou ou ospitalize oubyen pou ou mouri akoz COVID-19

Nan dat 3 dawout la, **plis pase 5.7 milyon moun nan New Jersey resevwa pou pi piti yon dòz vaksen COVID-19** epi yo bay plis pase 10.5 milyon dòz vaksen.

Nou obsève pandan gen menm kantite ka ak dènye ete ki sot pase a, gen **anviwon 70% mwens moun ki mouri akoz, prensipalman, enpak vaksen yo.**



Tout moun dwe mete mas nan zòn kote transmisyon COVID-19 la wo, kenpòt si yo pran oubyen pa pran vaksen. **Si ou pa pran vaksen oubyen ou gen gwo risk, mete yon mas epi kenbe distans fizik lè w anndan epi deyò nan kèk espas.**

Vaksen COVID-19 la



SAN DANJE



LI BON



GRATIS **POU TOUT MOUN**



Pou Plis Enfòmasyon, vizite covid19.nj.gov/vaccine oswa rele **855-568-0545**




Varyant COVID-19 Delta a

4 bagay ou dwe konnen


Kounya majorite
ka COVID-19
Ozetazini se
varyant Delta a

Varyant lan vin
de (2) fwa pi
atrapan ke avan

ANVAN:



KOUNYA:



Vaksen an
pwoteje w kont
enfeksyon, maladi,
ospitalizasyon ak
lanmò



Tout moun
dwe mete
mas nan zòn
kote tranmisyon
COVID-19 la wo.



Vaksen COVID-19 la



SAN DANJE



LI BON



GRATIS **POU TOUT MOUN**



Pou Plis Enfòmasyon, vizite covid19.nj.gov/vaccine oswa rele 855-568-0545



Enpak

vaksinasyon an

SELON CDC NAN DAT 27 JWIYÈ, 2021:

Pran vaksen an rann ou gen:

	MOUN KI PA VAKSINEN	MOUN KI VAKSINEN
3.5x mwens chans pou ou trape COVID-19		
8x mwens chans pou ou tonbe malad ak COVID-19		
25x mwens chans pou ou ospitalize oubyen pou ou mouri akòz COVID-19		

Vaksen COVID-19 la



SAN DANJE



LI BON



GRATIS **POU TOUT MOUN**



Pou Plis Enfòmasyon, vizite [covid19.nj.gov/vaccine](https://www.covid19.nj.gov/vaccine) oswa rele 855-568-0545